*гом урок ирон ёвзагёй 10-æм къласы.*

# ТЕМÆ: СИНОНИМТÆ ÆМÆ АНТОНИМТÆ.

**Бацёттё кодта ирон ёвзаг ёмё литературёйы ахуыргёнёг Суанты Ф.Ю.**

# Урочы нысан:

1.Сфæлхатын æмæ бафидар кæнын синонимтæ æмæ антонимты нысаниуæг, сæ хуызтæ. Арæхсын сæ тексты пайда кæнын. Бакусын ныхасы рæзтыл.

2. Литературæйы урочы рацыд æрмæгимæ бабæттын темæ.

## Урочы эпиграф

Сæумæрайсом,
Сæумæдæвдæг,
Куыд рæсугъд дæ,
Куыд хъæлдзæг!
Сыгъдæг дымгæ,
Фæлмæн кæрдæг,
Мæ зæрдæ уæ
Куы сцæрдæг.

( Барахъты Гино)

# КЪОРДТÆЙ КУЫСТ.

**1-аг къорд – ссарын æмæ рафыссын комкоммæ синонимтæ. Ныффыссын семæ дзырдбæстытæ.**

**2-аг къорд - ссарын æмæ рафыссын контекстуалон синонимтæ. Ныффыссын семæ дзырдбæстытæ.**

# ФОНЕТИКОН ÆВЗÆРСТ :

**1 вариант – РÆСУГЪД,**

**2 вариант – ХЪÆЛДЗÆГ**


Find more Free Wallpapers on PicsDesktop.net

«Азджериты Куыцыкк» - æй скъуыддзагимæ куыст.
Ныххуды уым, ныззары уæд Азджериты
Хæрзты хуыздæр, ныццæвы уæд йæ сау бæхы.
Йæ ехсыцæф у арвыцæф. Йæ бæхы змæлд
У арвы 'рттывд. Хæцаг калмау сæрæй хъазгæ,
Куы батæхы уый фалæрдæм йæ сау æфсургъ.
Æфсæст рæгъау хъæддаг сырдтау уым фестъæлфынц.
Сæ фалеты æрбакæны уый зилæнтæ.
Фæстæрдыгæй фæхъæр кæны уый рæгъауыл.
Фæлæ та 'васт йæхæдæг дæр куы фестъæлфы:
«Азджериты хъазуат Куыцыкк, - куы ныдздзуры, -
Куыд уыдзæн уый? Цы зæгъдзысты, куы фехъусой:
Азджериты хъæбатыр гуырд тыхисæджы
Куы 'рбатардта фыд-Араппæн сæ бæхрæгъау
Æнæгæрах... æнæтоппы иу хорзгæрах?
Куыд уыдзæн уæд! Уæууай, Куыцыкк, куыд дыл уыдзæн
Уæд зарджытæ, фыдхудинаджы зарджытæ.
Ды сусæгæй куы ратæрай Араппы фос!»

**Хæслæвæрдтæ текстмæ:**

1. **Бакæсут текст. Куыд ивы кæсгæйæ хъæлæсыуаг?**
2. **Цæмæй фæтарст Куыцыкк?**
3. **Ссарут, текст дыууæ дихы акæнæн кæм ис, уыцы бынат. Цавæр ныхмæвæрды бæттæгтæй баст сты кæрæдзиуыл тексты хæйттæ? Куыд æвдисы уыцы бæттæг хъуыдыты раивд?**
4. **(Къордтæй куыст – ерысы хуызы) Рафыссын мивдисджытæ разæфтуантимæ(сæ нысаниуæг сын сбæрæг кæнын).**
5. **Тексты бахахх кæнын синонимтæ, ссарын сын сæ антонимтæ.**
6. **Ставддæрæй фыст дзырдтæ æмæ дзырдбæстытæн синонимты фæрцы бацамонын сæ нысаниуæг.**
7. **Индивидуалон куыст (иу ахуырдзау та кусы фæйнæгыл) Нысангонд хъуыдыйæдтæ равзарын синтаксисон æгъдауæй.**
8. **Орфограммæтæм гæсгæ текстæй рафыссын дзырдты къордтæ.**

# ХÆДЗАРМÆ КУЫСТ

**Ныффыссын нывæцæн-тæрхæттæ ахæм райдианмæ гæсгæ:**

**«Знагыл фæуæлахиз уæвынæн алы мадзал дæр хорз у, фæлæ…»**